



Piblikasyon 947 (HT)
(Rev. Fevriye 2018)

Reprezante Moun Devan IRS ak Pwokirasyon



Kontni

Devlopman Fiti	1
Sa ki Nouvo	1
Rapèl	2
Entwodiksyon	2
Kisa Reprezantasyon Devan IRS Ye?	3
Kiyès ki Ka Reprezante Devan IRS?	3
Reprezantasyon Andeyò Etazini	4
Otorizasyon pou Aparisyon Espesyal	4
Kiyès ki Pa Ka Reprezante Devan IRS?	5
Pèt Kalifikasyon	5
Kòman yon Endividi Vin Anwole?	5
Kisa Règ Reprezantasyon yo Ye?	5
Responsablite ak Restriksyon yo	5
Enkonpetans ak Kondwit ki Sal Repitasyon	6
Sansire, Eksklizyon, ak Sispansyon	7
Kisa yon Pwokirasyon Ye?	7
Kilè yon Pwokirasyon Obligatwa?	7
Fòm Obligatwa	8
Preparasyon Fòm —Sijasyon Pratik	8
Ki kote Pou Depoze Pwokirasyon an	9
Retansyon / Revokasyon Pwokirasyon anvan yo	9
Anilasyon Pwokirasyon/ Anilasyon Reprezantan	10
Kilè yon Pwokirasyon Pa Obligatwa?	10
Kòman Pou M Ranpli Fòm 2848 la?	10
Kisa k ap rive Pwokirasyon an apre yo fin Depoze I?	11
Tretman ak Jesyon	11
Kominike Avèk Reprezantan an	11
Ki jan Pou Jwenn Èd Enpo	12

Devlopman Fiti

Pou tout dènye enfòmasyon konsènan evolisyon ki gen rapò ak Piblikasyon 947, tankou lejislasyon ki adopte apre li te fin pibliye, ale sou [IRS.gov/Pub947](https://www.irs.gov/Pub947) (an anglè).

Sa ki Nouvo

Founisè Sèvis Entèmedyè yo. Yo ajoute yon kaz pou tcheke nan liy 5a nan Fòm 2848, Pwokirasyon ak Deklarasyon Reprezantan, pou pèmèt kontribyab la otorize reprezantan deziyen an (yo) aksè dosye IRS kontribyab la atravè yon Founisè Sèvis Entèmedyè. Pou plis enfòmasyon,

gade *Otorite pou aksè dosye elektwonik IRS* atravè *Sèvis Founisè Entèmedyè yo* nan Entrikeyon pou Fòm 2848.

Reprezantan patenarya yo. Pou patenarya ane enpo ki te kòmanse apre 31 desanm 2017, Lwa Bidjè Bipatisan 2015 lan te elimine wòl "Patnè pou Zafè Enpo" epi li ranplase l ak "Reprezantan Patenarya a." Pou plis enfòmasyon, gade *Reprezantan patenarya yo* nan Entrikeyon pou Fòm 2848.

Deziyasyon reprezantan. Chwa Etidyan Avoka a oswa CPA a te chanje an Etidyan Kalifye.

Alèt otantifikasyon. Lè yon reprezantan avèk yon Pwokirasyon rele IRS sou non w, li dwe pase pwosesis otantifikasyon an anvan IRS pale avèk li sou enfòmasyon fiskal ou yo.

Rapèl

Sèvis Priorite Pratisyen® (PPS). Sèvis Priorite Pratisyen an® se yon liy asistans gratis, pou tout peyi a, ki bay sipò pwofesyonèl pou pratisyen ki gen kesyon konsènan kont yo. Nimewo gratis pou sèvis sa a se 1-866-860-4259.

Pwogram Sezon Anyèl Deklarasyon (AFSP) ak Repètwa Preparatè Deklarasyon Enpo Federal. Pwogram Sezon Anyèl Deklarasyon (AFSP) ak Repètwa Preparatè Deklarasyon Enpo. Pwogram Anyèl Sezon Ranpli a se yon pwogram benevòl ki pèmèt dwa reprezantasyon limite pou preparatè deklarasyon ki pa avoka, kontab piblik sètifye, oswa ajan anwole. IRS pibliye yon Dosye Anyèl Akonplisman kantite lè fomasyon kontinyèl Pwogram Sezon Depoze a, pou preparatè ki konplete yon sèten lè edikasyon kontinyèl nan preparasyon pou yon ane enpo presi. Patisipan nan Pwogram Anyèl Sezon Depoze a pa gen dwa reprezantasyon san limit (sof si yo se avoka, kontab piblik sètifye, oswa ajan anwole). Dwa yo limite a reprezantasyon kliyan yo te prepare epi siyen deklarasyon yo, men se sèlman devan ajan revni, reprezantan sèvis kliyan, ak Anplwaye IRS menm jan an, enkli Sèvis Defans Kontribyab la. Yo pa kapab reprezante kliyan yo pa t prepare epi siyen deklarasyon yo, ni yo pa ka reprezante kliyan devan fonksyon koleksyon oswa apèl. Gade [IRS.gov/Tax-Professionals/Annual-Filing-Season-Program](https://www.irs.gov/Tax-Professionals/Annual-Filing-Season-Program) (an anglè) pou plis enfòmasyon konsènan AFSP. Gade [IRS.Treasury.gov/rpo](https://www.irs.gov/irb/2017-04-10/2017041001r0001) (an anglè) pou yon baz done yo ka konsilte sou entènèt ki gen preparatè deklarasyon enpo ki gen PTIN epi ki gen konpetans pwofesyonèl IRS rekonèt oswa ki gen Dosye Akonplisman Pwogram Anyèl Sezon Depoze a.

Entwodiksyon

Piblikasyon sa a pale konsènan kiyès ki ka reprezante yon kontribyab devan IRS ak ki fòm oswa dokiman yo itilize pou otorize yon moun reprezante yon kontribyab. Anjeneral, avoka, kontab piblik sètifye (CPA), ak ajan anwole yo kapab reprezante kontribyab devan IRS. Ajan anwole plan retrèt, ak ajan aktyè (actuaries) ki anwole yo ka reprezante nan kad kèk seksyon presi Kòd Revni Entèn nan ki dekri nan Sikilè 230 lan. Nan sikonstans espesyal ki limite, lòt moun, tankou preparatè deklarasyon ki pa anwole, manm fanmi, anplwaye, ak etidyan kapab reprezante kontribyab devan IRS. Pou plis

detay konsènan reprezantasyon kontribyab, gade [Kiyès ki Ka Ekzèse Devan IRS la](#), pi devan.

Definisyon. Anpil tèm ki itilize nan piblikasyon sa a, tankou "ajan anwole" ak "pratisyen", definisyon yo nan [Glosè a](#) ki nan fen piblikasyon sa a.

Kòmantè ak sijesyon. N ap kontan resevwa kòmantè w sou piblikasyon sa a ak sijesyon w yo pou lòt edisyon.

Ou kapab voye kòmantè w yo atravè [IRS.gov/FormComments](https://www.irs.gov/FormComments) (an anglè).

Oswa ou kapab ekri nan:

Internal Revenue Service
Tax Forms & Publications
1111 Constitution Ave. NW, IR-6526
Washington, DC 20224

Malgre nou pap ka reponn chak grenn kòmantè nou resevwa, nou vrèman apresye remak ou yo e n ap konsidere kòmantè w yo lè n ap revize fòm fiskal nou yo, enstriksyon yo, ak piblikasyon yo.

Pou Kòmante Fòm Enpo ak Piblikasyon. Vizite [IRS.gov/FormsPubs](https://www.irs.gov/forms-pubs) (an anglè) pou telechaje fòm ak piblikasyon yo. Osinon, ou kapab ale sou [IRS.gov/OrderForms](https://www.irs.gov/orderforms) pou fè kòmman fòm aktyèl, fòm ane pase yo ak enstriksyon yo. Kòmman ou an ta dwe rive nan 10 jou travay.

Kesyon Enpo. Si w gen kesyon fiskal ou pa jwenn repons lan nan piblikasyon sa a, ale sou [IRS.gov](https://www.irs.gov) ak *Kòmman Pou Jwenn Èd Fiskal* nan fen piblikasyon sa a.

Yon seri eleman itil

Ou ka vle wè:

Piblikasyon

- 1** Dwa W yo antanke Kontribyab
- Sikilè Nimewo 230** Règleman ki gouvènè Reprezantasyon devan Sèvis Revni Entèn nan

Fòm ak Enstriksyon

- 2848** Pwokirasyon ak Deklarasyon Reprezantan
- 8821** Otorizasyon Enfòmasyon Enpo

Reprezantasyon Devan IRS

Tèm ou ka bezwen konnen (Gade Glosè a)

Dosye Akonplisman Pwogram Anyèl Sezon Depoze
Avoka
Nimewo Dosye Otorizasyon Santralize (CAF)
Sistèm CAF
Komisyone
Pwokirasyon dirab
Ajan anwole

Ka enpo federal
Fidisyè
Pwokirasyon jeneral
Ofisye gouvènman an oswa anlwaye
Pwokirasyon limite
Biwo Responsabilite Pwofesyonèl
Pratisyen
Reprezantan yo rekonèt
Preparatè deklarasyon ki pa anwole

Jeneralman Biwo Responsabilite Pwofesyonèl la gen responsabilite zafè ki konsène kondwit pratisyen yo, ak responsabilite eksklizif pou disipline, enkli pwosedi disiplinè ak sanksyon. Biwo Preparatè Deklarasyon an responsab zafè ki konsène asiyasyon PTIN yo, jere aplikasyon anwolman epi administre egzamen konpetans ak fòmasyon kontinyèl pou gwoup ki deziyen yo.

Kisa Repezantasyon Devan IRS Ye?

Sikilè 230 lan kouvri tout sa ki gen rapò ak sa ki vin annapre yo.

- Kominike ak IRS nan plas yon kontribyab konsènan dwa kontribyab la, privilèj, oswa responsabilite devan lwa ak règleman IRS administre yo.
- Repezante yon kontribyab nan konferans, odyans, oswa nan rankont ak IRS.
- Prepare, ranpli oswa soumèt dokiman, oswa konseye sou preparasyon, depo oswa soumèt dokiman yo, ansanm avèk deklarasyon enpo, bay IRS pou yon kontribyab.
- Bay kliyan an konsèy enpo alekri sou youn oswa plizyè ka enpo federal.

Nenpòt moun ka touche pou prepare oswa ede nan preparasyon yon deklarasyon enpo oswa reklame yon ranbousman, pou parèt kòm temwen pou yon kontribyab devan IRS, oswa bay enfòmasyon demann IRS oswa nenpòt ofisye li oubyen anlwaye li yo.

Kiyès ki Ka Repezante Devan IRS?

Moun sa yo sijè a Règleman ki nan Sikilè 230. Sepandan, jeneralman nenpòt moun ki otorize pou repezante (yon repezantan ki rekonèt) dwe deziyen kòm repezantan kontribyab la epi depoze yon deklarasyon alekri bay IRS ki di li otorize e li kalifye pou repezante yon kontribyab an patikilye. Fòm 2848 kapab sèvi nan objektif sa a.

Estimatè yo. Nenpòt moun ki prepare evalyasyon pou sipòte evalyasyon pwopriyete an koneksyon avèk youn oswa plizyè ka enpo federal, sijè a règleman ki nan Sikilè 230 lan. Estimatè yo pa gen dwa repezantasyon men yo ka parèt kòm temwen nan non kontribyab yo.

Avoka. Nenpòt avoka ki pa aktyèlman anba sispansyon oswa eksklizyon nan repezantasyon devan IRS, epi ki se yon

manm ki gen bon repitasyon nan bawo tribinal ki pi wo a nan nenpòt eta Ozetazini, posesyon, teritwa, byen komen, oswa Distri Columbia a, ka repezante devan IRS.

Kontab piblik sètifye (CPA). Nenpòt CPA ki pa aktyèlman anba sispansyon oswa eksklizyon nan repezantasyon devan IRS epi kalifye kòm sadwa pou sèvi kòm CPA nan nenpòt eta Ozetazini, posesyon, teritwa, Byen Komen, oswa Distri Columbia a repezante devan IRS.

Ajan anwole. Nenpòt ajan anwole ki gen estati aktif, ki pa aktyèlman anba sispansyon oswa eksklizyon nan repezantasyon devan IRS ka repezante devan IRS.

Ajan anwole pou plan retrèt. Nenpòt ajan plan retrèt ki anwole, ki gen estati aktif, ki pa aktyèlman anba sispansyon oswa eksklizyon nan repezantasyon devan IRS ka repezante devan IRS. Privilèj repezantasyon ajan plan retrèt ki anwole a limite a kèk seksyon nan Kòd Revni Entèn ki gen rapò avèk zòn ekspètiz yo, prensipalman seksyon ki gouvène plan retrèt anlwaye.

Aktyè (actuaries) ki anwole. Nenpòt moun ki se yon anwole kòm yon aktyè pa Bawo pou Anwolman Aktyè ki pa aktyèlman anba sispansyon oswa eksklizyon soti nan repezantasyon devan IRS ka repezante devan IRS. Repezantasyon aktyè ki anwole yo limite a kèk seksyon Kòd Revni Entèn nan ki gen rapò ak domèn konpetans yo, prensipalman seksyon ki gouvène plan retrèt anlwaye.

Etidyan Estajye nan klinik kontribyab ti revni. Nan kèk sikonstans, yon etidyan ki sou sipèvizyon yon pratisyen nan yon lekòl lalwa, oswa yon pwogram ekivalan ki bay sèvis enpo pou kontribyab ti revni yo, ka mande otorizasyon pou repezante yon kontribyab devan IRS. Pou plis enfòmasyon, gade [Otorizasyon pou Konparisyon Espesyal yo](#), pi devan.

Preparatè deklarasyon ki pa anwole. Yon preparatè deklarasyon ki pa anwole se yon moun ki pa yon avoka, CPA, ajan anwole, ajan plan retrèt anwole, oswa aktyè anwole, ki prepare epi siyen yon deklarasyon kontribyab kòm preparatè yo peye, oswa ki prepare yon deklarasyon men ki pa oblije (dapre enstriksyon pou deklarasyon an oswa règleman yo) siyen deklarasyon an.

Preparatè deklarasyon ki pa anwole yo ka repezante kontribyab sèlman devan ajan revni, repezantan sèvis kliyan, oswa ofisye menm jan an ak anlwaye Sèvis Revni Entèn (sa gen ladan l Sèvis Defansè Kontribyab) epi sèlman pandan yon odit deklarasyon enpo yo te prepare epi siyen anvan 31 desanm 2015. Preparatè deklarasyon ki pa anwole yo pa ka repezante kontribyab yo devan ofisye apèl yo, ofisye revni, avoka oswa ofisye menm jan an, oswa anlwaye Sèvis Revni Entèn, oswa Depatman Trezò a. Preparatè deklarasyon ki pa anwole yo pa otorize egzekite akò, pwolonje limit peryòd legal pou evalyasyon enpo oswa koleksyon enpo, egzekite egzanpsyon, oswa siyen nenpòt dokiman nan non yon kontribyab.

Si yon moun ki pa anwole, k ap prepare deklarasyon, pa satisfè egzijans pou yon repezantasyon limite, ou ka otorize moun ki pa anwole ki prepare deklarasyon an pou l enspekte ak/oswa mande enfòmasyon fiskal ou pa mwayen Fòm 8821. Konplete Fòm 8821 pap otorize moun ki pa anwole ki prepare

deklarasyon an pou reprezante w devan IRS. Pou plis enfòmasyon, gade Fòm 8821 ak enstriksyon separe li yo.

Dosye Akonplisman Pwogram Anyèl Sezon Depoze a. Sèlman moun k ap prepare deklarasyon, ki pa anwole ak yon PTIN valab, epi ki gen yon dosye akonplisman pou TOULEDE deklarasyon enpo ane (2015 oswa apre) ki nan odit la, ak ane y ap fè odit la, ka reprezante depi kondisyon sa yo ranpli: Preparatè deklarasyon ki pa anwole a ki gen dosye akonplisman ki nesèsè yo ka reprezante kontribiyab sèlman devan ajan revni, kliyan reprezantan sèvis, oswa ofisyè menm jan an ak anplwaye Sèvis Revni Entèn (sa gen ladan l Sèvis Defansè Kontribiyab), epi se sèlman pandan yon odit enpo ane oswa peryòd ki kouvri nan deklarasyon enpo yo te prepare epi siyen yo. Moun ki prepare deklarasyon, ki pa anwole yo, pa ka reprezante kontribiyab yo, kèlkeswa sikonstans ki mande pou yo reprezante yo, devan ofisyè apèl yo, ofisyè revni, avoka oswa ofisyè menm jan an oswa anplwaye Sèvis Revni Entèn oswa Depatman Trezò a. Moun ki prepare deklarasyon ki pa anwole yo, pa ka egzekite akò final, ni pwolonje limit legal peryòd odit enpo a, oswa koleksyon enpo, egzekite egzansyon, oswa siyen nenpòt dokiman sou non yon kontribiyab.

Si yon preparatè deklarasyon, ki pa anwole, pa satisfè egzijans pou yon reprezantasyon limite, ou ka otorize moun ki prepare deklarasyon ki pa anwole a pou l enspekte ak/oswa mande enfòmasyon enpo w pa mwayen Fòm 8821. Konplete Fòm 8821 pap otorize moun ki prepare deklarasyon, ki pa anwole a, pou l reprezante w devan nenpòt pèsonèl IRS. Pou plis enfòmasyon, gade Fòm 8821 ak enstriksyon separe li yo.

Reprezantasyon ki pa otorize. Nenpòt moun ki angaje nan reprezantasyon limite devan IRS ki enplike nan kondwit ki pa bon sijè a aksyon disiplinè. Kondwit ki bay move repitasyon gen ladan l, men se pa sa sèlman, lis atik ki nan [Enkonpetans ak Move Kondwit](#) ki parèt, pi devan, anba [Ki Prensip Ekzèsis yo](#).

Lòt moun ki ka sèvi antanke reprezantan. Akòz relasyon espesyal yo genyen ak yon kontribiyab, moun sa yo ka reprezante kontribiyab yo espesifye yo devan IRS, depi yo prezante idantifikasyon ki satisfèzan epi, eksepte nan ka yon moun yo dekri nan pwen (1) anba a, prèv otorizasyon pou reprezante kontribiyab la.

1. **Yon moun.** Yon moun kapab reprezante tèt li devan IRS san li pa gen pou li depoze yon deklarasyon kalifikasyon ak otorizasyon alekri.
2. **Yon manm fanmi.** Yon moun kapab reprezante manm fanmi pwòch li. Fanmi pwòch gen ladan l yon konjwen, timoun, paran, frè oswa sè moun nan.
3. **Yon ofisyè.** Yon ofisyè debònfwa nan yon sosyete (ki gen ladan l yon gwo sosyete, yon filyal, oswa yon lòt sosyete afilye), yon asosyasyon, oswa yon gwoup òganize kapab reprezante yon sosyete, yon asosyasyon, oswa gwoup òganize. Yon ofisyè nan yon inite gouvènmantral, ajans, oswa otorite, nan kapasite responsablite ofisyèl li, ka reprezante yon inite gouvènmantral, ajans, oswa otorite devan IRS.
4. **Yon patnè.** Yon patnè jeneral kapab reprezante patenarya a devan IRS.

5. **Yon anplwaye.** Yon anplwaye regilye aplentan kapab reprezante patwon li. Yon patwon kapab, men pa sa sèlman, yon moun, yon patenarya, yon sosyete (ki gen ladan yon gran sosyete, yon filyal, oswa yon lòt sosyete ki afilye), yon asosyasyon, yon fidisi (trust), likidasyon (receivership), yon titèl, yon pwopriyete, yon gwoup òganize, yon inite gouvènmantral, yon ajans oswa yon otorite gouvènmantral.
6. **Yon administratè.** Yon administratè (jeran, ekzekitè, reprezantan pèsonèl, ajan, likidatè, oswa gadyen) pran plas yon kontribiyab epi li aji tankou se te kontribiyab la. Gade [Konfyè](#) anba [Kilè yon Manda Avoka Pa Obligatwa](#), pi devan.

Reprezantasyon Andeyò Etazini

Nenpòt moun ka reprezante yon moun oswa yon antite, ki andeyò Etazini, devan pèsonèl IRS lè reprezantasyon sa a fèt andeyò Etazini. Gade seksyon 10.7(c)(1)(vii) Sikilè 230 lan.

Otorizasyon pou Aparisyon Espesyal

Komisyone Revni Entèn nan, oswa delege li, kapab otorize yon moun ki pa elijib pou reprezante devan IRS pou reprezante yon lòt moun nan yon ka presi. Reprezantan potansyèl la dwe mande otorizasyon an alekri nan men Biwo Responsablite Pwofesyonèl la. Sepandan, se sèlman lè gen sikonstans eksepsyonèl ki prezante. Si yo bay otorizasyon an, komisyone a, oswa delege a, ap bay yon lèt ki detaye kondisyon ki gen rapò ak aparisyon an ak ka fiskal presi a (yo) pou yo akòde otorizasyon an.

Yo pa dwe konfonn lèt otorizasyon an ak yon lèt ki soti nan yon sant IRS ki fè yon moun konnen yo asiyen li yon Nimewo Otorizasyon Dosye Santralize (CAF). Piblikasyon yon nimewo CAF pa endike yo rekonèt oswa otorize yon moun pou reprezantasyon devan IRS. Li senpleman konfime yo etabli yon otorizasyon dosye santralize pou moun nan anba nimewo a.

Etidyan nan LITC yo (Low Income Taxpayer Clinic - Sèvis pou Kontribiyab ki gen Ti Revni yo) ak SCTP a (Student Tax Clinic Program - Pwogram Klinik Enpo pou Etidyan) . Yon etidyan k ap travay nan yon Klinik pou Kontribiyab Ti revni (LITC) oswa yon Pwogram Klinik Enpo pou Etidyan (STCP) dwe resevwa pèmisyon pou reprezante kontribiyab yo devan IRS sou baz estati li kòm yon etidyan lalwa, biznis, oswa kontablite. Demann otorizasyon sa yo dwe al jwenn Biw Sèvis Defansè Kontribiyab la. Si yo akòde l, yo pral bay yon lèt ki otorize aparisyon espesyal etidyan an epi ki detaye nenpòt kondisyon ki gen rapò ak reprezantasyon an. Anjeneral, etidyan k ap resevwa yon lèt otorizasyon ka reprezante kontribiyab yo devan nenpòt fonksyon oswa biwo IRS, dapre nenpòt kondisyon ki nan lèt otorizasyon an, epi yo dwe anba sipèvizyon dirèk yon moun ki otorize pou reprezantasyon devan IRS. Si w gen entansyon pou pran yon etidyan pou reprezante w, gade lèt otorizasyon an epi mande etidyan an, sipèvizè etidyan an, oswa Biwo Sèvis Defansè Kontribiyab la si w gen kesyon sou kondisyon otorizasyon an..

Kiyès ki Pa Ka Repezante Devan IRS?

An jeneral, moun ki pa elijib, oswa ki pèdi privilèj la akòz rezilta kèk aksyon, pa ka repezante devan IRS. Si yon moun pèdi kalifikasyon pou reprezantasyon, IRS pap rekonèt yon pwokirasyon ki nonmen moun nan kòm yon repezantan.

Sosyete yo, asosyasyon yo, patenarya yo, ak lòt moun ki pa endividi. Òganizasyon sa yo (oswa moun) pa kalifye pou reprezantasyon devan IRS.

Pèt Kalifikasyon

Jeneralman, moun yo pèdi kalifikasyon pou reprezantasyon devan IRS nan sikonstans ki annapre yo.

- Pa ranpli kondisyon pou renouvèlman nan enskripsyon (tankou edikasyon pwofesyonèl kontinye).
- Yon ajan anwole ka made pou yo mete l nan estati retrèt inaktif.
- Yo sispann li oswa revoke privilèj li, oswa yo detèmine li pa elijib pou repezante, pa Biwo Responsablite Pwofesyonèl pou vyolasyon règleman ki nan Sikilè 230 la, oswa estanda nan Pwosedi Revni 81-38.
- Pèdi lisans leta a pou sèvi antanke yon avoka oswa kontab piblik sètifye, kèlkeswa rezon anilasyon lisans lan.

Lè yon moun pa ranpli kondisyon yo. IRS ap voye notifikasyon by endividi anwole ki gen Dosye Akonplisman AFSP, ki pa ranpli kondisyon pou kalifikasyon pou renouvèlman. Avi a pral eksplike rezon pou inelijibilite a, epi bay moun nan yon delè ijan pou bay enfòmasyon pou rekonsiderasyon.

Lis inaktif. Y ap mete yon moun ki anwole nan lis moun ki anwole ki inaktif la pou yon peryòd twazan, si li:

- Pa reponn alè pou avi non-konfòmite ak kondisyon renouvèlman yo,
- Pa depoze aplikasyon renouvèlman an alè, oswa
- Pa satisfè kondisyon pou renouvèlman an.

Endividi ki anwole dwe depoze yon aplikasyon pou renouvèlman anvan 3 zan pase apre yo te mete l nan estati inaktif la, epi li dwe satisfè tout kondisyon pou renouvèlman. Sinon, nan pwochen sik renouvèlman an, yo pral retire li nan lis la epi estati anwolman an anile.

Estati retrèt. Endividi annwole ki mande pou yo mete l nan yon estati retrèt inaktif pap elijib pou repezante devan IRS. Yo dwe kontinye respekte tout kondisyon renouvèlman yo. Yo ka reyentegre yo nan estati anwole aktif lè yo ranpli yon aplikasyon pou renouvèlman epi yo bay prèv yo fin ranpli èdtan edikasyon pwofesyonèl kontinyèl ki nesesè pou sik enskripsyon an.

Sispansyon ak Eksklizyon. Tout moun ki ka repezante devan IRS sijè a pwosedi disiplinè yo, epi yo ka reprimande yo, sispann yo, ekskli oswa fè yo peye penalite finansye pou vyolasyon nenpòt regilasyon ki nan Sikilè 230 la. Sa gen ladann l aji yon fason ki demontre enkonpetans oswa kondwit ki bay move repitasyon. Pou plis enfòmasyon, gade

[Enkonpetans ak Move Kondwit](#) anba [Kisa Règ Reprezantasyon yo Ye?](#), pi devan.

Pratisyen yo sispann oswa ekskli nan yon pwosedi disiplinè pa gen dwa repezante kontribyab devan IRS pandan peryòd sispansyon/eksklizyon an. Yon pratisyen ka mande Biwo Responsablite Pwofesyonèl la entegre li bonè nan peryòd sispansyon oswa apre senk ane eksklizyon. Gade [Kisa Reprezantasyon Devan IRS Ye?](#), nan paj anvan yo.

Si pratisyen an ap chèche reyentegrasyon, li pa otorize repezante devan IRS jiskaske Biwo Responsablite Pwofesyonèl apwouve retablisman an. Biwo Responsablite Pwofesyonèl la ka retabli pratisyen an:

- Si kondwit pratisyen an alavni pa sanble l ap vyole règleman yo, epi
- Si apwouve demann retablisman an pap kont enterè piblik la.
- Sijè a lòt kondisyon pou yon peryòd tan rezonab.

Kòmman yon Endividi Vin Anwole?

Sitwèb IRS la [IRS.gov/Tax-Professionals/Enrolled-Agents/Become-an-Enrolled-Agent \(an anglè\)](#) bay enfòmasyon konplè sou etap yo dwe swiv pou vin yon ajan anwole.

Pou tout règ fason pou w resevwa yon Dosye Akonplisman Pwogram Anyèl Depoze a, ale sou [IRS.gov/Tax-Professionals/General-Requirements-for-the-Annual-Filing-Season-Program-Record-of-Completion \(an anglè\)](#).

Kisa Règ Reprezantasyon yo Ye?

Règ ki gouvène reprezantasyon devan IRS yo pibliye nan Kòd Règleman Federal ki nan 31 CFR Soutit A, Pati 10 epi yo pibliye yo sou fòm dijital kòm Sikilè No. 230 Depatman Trezò a (Sikilè 230). Règleman yo disponib sou [IRS.gov/Tax-Professionals/Circular-230-Tax-Professionals \(an anglè\)](#). Yon avoka, yon CPA, yon ajan anwole, yon ajan plan retrèt anwole, oswa yon aktyè anwole ki otorize pou reprezantasyon devan IRS (yo refere a yo kòm pratisyen) ak yon estimatè gen devwa pou fè sèten zak epi li gen restriksyon pou konsènan lòt zak. Anplis de sa, yon pratisyen pa kapab angaje nan kondwit dezagreyab (diskite pi devan). Nenpòt pratisyen ki pa respekte règ reprezantasyon yo oswa ki angaje nan kondwit enkonpetan oswa ki pa gen bon repitasyon, yo sijè a aksyon disiplinè. Epitou, preparatè deklarasyon ki pa anwole yo dwe konfòme yo ak règ reprezantasyon ak kondwit pou yo egzèse privilèj reprezantasyon limite devan IRS. Gen de seri espesifik nan règ sa a ki aplike, toulede nan Sikilè 230:

1. Responsablite ak restriksyon ki gen rapò a reprezantasyon (Soupati B nan Sikilè 230), ak
2. Kondwit yo konsidere ki montre enkonpetans oswa bay diskredi (Soupati C, Seksyon 10.51 nan Sikilè 230).

Responsablite ak Restriksyon yo

Moun ki sijè a Sikilè 230 dwe soumèt san pèdi tan dosye oswa enfòmasyon yo egzije nan yon demann apwopriye e ki

legal yon ofisye oswa anplwaye IRS fè, eksepte lè pratisyen an kwè sou baz rezonab epi debòn fwa ke enfòmasyon an privilejye. Kominikasyon konsènan konsèy enpo ant yon pratisyen enpo federal otorize (Gade Kòd Revni Entèn (IRC) seksyon 7525) ak yon kontribyab, jeneralman rete konfidansyèl nan menm limit kominikasyon an ta privilejye si li te ant yon kontribyab ak yon avoka, depi konsèy la gen rapò ak:

- Zafè enpo ki pa kriminel devan IRS, oswa
- Pwosedi enpo ki pa kriminel yo pote nan tribinal federal oswa kont Etazini.

Kominikasyon konsènan abri fiskal kòporasyon.

Pwoteksyon pou kominikasyon konsèy enpo sa a pa aplike a okenn kominikasyon alekri ant yon pratisyen enpo federal otorize ak nenpòt moun, sa gen ladan l yon direktè, aksyonè, ofisye, anplwaye, ajan, oswa reprezantan yon sosyete, si kominikasyon an enplike pwomosyon patisipasyon dirèk oswa endirèk sosyete a nan nenpòt abri fiskal.

Responsablite pou konseye. Yon moun ki sijè a Sikilè 230 e ki konnen kliyan li an pa respekte lwa revni yo oswa li te fè yon erè oswa omisyon nan nenpòt deklarasyon, dokiman, afidavi, oswa lòt pape obligatwa, gen responsablite pou konseye kliyan an, san pèdi tan, sou mankman nan konfòmite a, erè, oswa omisyon an, ak konsekans non-konfòmite, erè, oswa omisyon an.

Dilijans an jeneral. Endividi ki sijè a Sikilè 230 dwe egzèsè dilijans lè l ranpli devwa sa yo.

- Preparasyon oswa ede nan prepare, apwouve, epi ranpli deklarasyon, dokiman, afidavit, ak lòt pape ki gen rapò ak zafè IRS.
- Detèmine verasite reprezantasyon oral oswa ekri li te fè bay Depatman Trezò a.
- Detèmine verasite reprezantasyon oral oswa ekri li te fè bay kliyan l yo konsènan nenpòt pwoblèm IRS administre.

Depandans sou lòt moun. Y ap prezime yon moun te egzèsè dilijans nan sitiasyon kote li te depann de travay yon lòt moun te fè si gen rezon ki montre te gen aranjman rezonab ki te fèt pou angaje, sipèvize, fòme, ak evalye moun nan, y ap pran ankonsiderasyon tou nati relasyon ant endividi ki sijè a Sikilè 230 lan ak moun nan.

Reta. Moun ki sijè a Sikilè 230 pa dwe, an reta san rezon nan kesyon jere san pèdi tan, nenpòt ka ki devan IRS.

Asistans moun ki ekskli oswa moun ki sispann ak ansyen anplwaye IRS bay. Endividi ki sijè a Sikilè 230 la pa dwe fè espere, dirèkteman oswa endirèkteman, fè sa ki vin annapre yo.

- Aksepte asistans nan men, oswa ede, nenpòt moun ki anba eksklizyon oswa sispannyon reprezantasyon devan IRS, si asistans lan gen rapò ak zafè ki konsidere kòm reprezantasyon devan IRS.
- Aksepte asistans nan men nenpòt ansyen anplwaye gouvènman an ki vyole dispozisyon ki nan Sikilè 230 la oswa nenpòt lwa federal.

Fè travay notè piblik. Endividi ki sijè a Sikilè 230 pa ka pran rekonesans, fè prete sèman, sètifye dokiman, oswa fè okenn aksyon ofisyèl kòm yon notè piblik pou nenpòt ka IRS administre, ak nan ka li se yon anplwaye konseye, yon avoka, oswa ajan, oubyen nan oswa li gen enterè nan ka a yon fason kèlkonk

Negosye chèk ranbousman yon kontribyab. Moun ki sijè a Sikilè 230 pa gen dwa andose oswa negosye okenn chèk (enkli dirije oswa aksepte peman pa nenpòt mwayen, elektwonik oswa otreman, nan yon kont pratisyen an posede oswa li kontwole, oubyen nenpòt konpayi li an oswa lòt antite pratisyen an asosye avè l) kliyan an ki sot nan gouvènman an konsènan yon responsablite fiskal federal.

Enkonpetans ak Kondwit ki Sal Repitasyon

Yo ka ekskli moun ki sijè a Sikilè 230 oswa sispann yo nan reprezantasyon devan IRS, oswa reprimande yo, pou enkonpetans oswa move kondwit. Yo ka fè yo peye yon penalite finansye tou, anplis nenpòt lòt disiplin, ni pou endividi ni pou konpayi yo. Lis ki vin apre a gen egzanp konduit ki konsidere kòm move kondwit. Yo bay plis egzanp nan Sikilè 230, Seksyon 10.51(a).

- Li te kondane pou nenpòt ofans kriminel anba lwa revni entèn lan oswa nan nenpòt ofans ki enplike zak malonèt oswa vyolasyon konfyans.
- Bay ak tout konsyans ou fo enfòmasyon oswa enfòmasyon ki twonpe ki gen rapò ak kesyon fiskal federal, oswa patisipe nan aktivite konsa.
- Solisite travay pa mwayen ki entèdi dapre seksyon 10.30 nan Sikilè 230.
- Volontèman refize depoze deklarasyon enpo federal, fè fwod oswa eseye fè fwod enpo federal oswa peman, oubyen patisipe nan aksyon sa yo.
- Detounen, oswa pa remèt san pèdi tan, lajan kliyan an pou peman enpo oswa lòt obligasyon yo dwe Etazini.
- Dirèkteman oswa endirèkteman eseye enfliyanse yon aksyon ofisyèl anplwaye IRS yo lè l sèvi ak menas, fo akizasyon, fòs, oswa kontrent, oswa lè yo ofri kado, favè, oswa nenpòt avantaj espesyal.
- Sibi Eksklizyon oswa sispannyon reprezantasyon kòm yon avoka, CPA, kontab piblik, oswa aktyè, nan men Distri Columbia a oswa nenpòt leta Ozetazini, yon posesyon, teritwa, Commonwealth, oswa nenpòt tribinal federal, oubyen nenpòt ajans federal, kò, oswa yon komite.
- Chwazi ede epi enkouraje yon lòt moun pou reprezante devan IRS pandan yon peryòd sispannyon, ranvwa, oswa diskalifikasyon lòt moun sa a.
- Sèvi ak langaj abizif, fè fo akizasyon oswa deklarasyon li konnen ki pa verite, sikile oswa pibliye dokiman malveyan oswa dokiman difamasyon, oswa angaje nan nenpòt kondwit ki meprizan an koneksyon ak reprezantasyon devan IRS.
- Bay yon fo opinyon an tout konesans de koz, pa neglijan oswa pa enkonpetans grav; oswa gen abitud bay opinyon

enkonpetan sou yon seri kesyon konsènan lwa enpo federal.

Sansire, Eksklizyon, ak Sispannyon

Sekretè Trezò a, oswa delege li, apre yon avi ak yon opòtinite pou yon pwosedi fèt, ka sanse, sispann, oswa entèdi yon moun ki sijè a Sikilè 230 reprezante devan IRS, si yo montre moun nan pa konpetan, oswa li dezagreyab, li pa konfòme l ak règleman ki nan Sou-pati B a; oswa avèk entansyon pou l twonpe, volontèman, li fè espri li twonpe oswa menase yon kliyan oswa yon kliyan potansyèl.

Sansire se yon reprimann piblik. Moun ki sijè a sikilè 230 lan, enkli nenpòt avoka, kontab piblik sètifye, ajan anwole, ajan plan retrèt ki anwole, oswa aktyè anwole ki angaje nan reprezante kontribiyab oswa aktivite bay konsèy, ansanm ak nenpòt moun ki gen Dosye Akonpliman Pwogram Anyèl Sezon Ranpli an, ki reprezante kontribiyab yo, epi nenpòt estimatè angaje nan evalye valè byen pou rezon enpo federal.

Otorize yon Reprezantan

Ou ka swa reprezante tèt ou, oswa ou ka otorize yon moun pou reprezante w devan IRS. Si w te chwazi yon moun reprezante w, reprezantan w lan dwe yon moun ki kalifye pou fè sa devan IRS. Gade [Kiyès ki Ka Reprezante Devan IRS?](#), pi bonè.

Kisa yon Pwokirasyon Ye?

Yon pwokirasyon se yon otorizasyon ekri pou yon endividi ka resevwa enfòmasyon enpo konfidansyèl nan men IRS, epi fè sèten aksyon nan plas ou. Si otorizasyon an pa limite, jeneralman moun nan ka fè tout aksyon ou ka fè, eksepte negosye oswa andose yon chèk. Otorite yo akòde ajan anwole, ajan plan pou retrèt yo, aktyè ki anwole yo ak preparatè deklarasyon ki pa anwole, ki gen dosye yo te fini pwogram nan, se yon otorizasyon ki limite. Pou enfòmasyon konsènan limit dosye akonpliman pwogram anyèl sezon ranpli a, gade Pwosedi Revni 2014-42 ak [IRS.gov/Tax-Professionals/Return-Preparer-Office-RPO-At-a-Glance \(an anglè\)](#).

Aksyon Reprezantan an ka fè. Avoka, kontab piblik sètifye, ak ajan anwole yo ka fè aksyon sa yo:

1. Reprezante w devan nenpòt biwo oswa anlwaye IRS.
2. Siyen yon pwopozisyon oswa yon egzansyon nan restriksyon evalyasyon oswa koleksyon dèt enpo, oswa yon egzansyon nan avi pou rejete reklamasyon kredi oswa ranbousman.
3. Siyen yon konsantman pou pwolonje tan peryòd legal pou evalyasyon oswa koleksyon yon enpo.
4. Siyen yon akò final.

Siyen deklarasyon ou. Reprezantan ki gen non li nan pwokirasyon an a pa otorize siyen deklarasyon revni enpo w sof si:

1. Siyen an otorize anba Lwa Revni Entèn ak règleman ki gen rapò ak yo (gade seksyon règleman 1.6012-1(a)(5)), epi
2. Ou espesyalman otorize sa a nan pwokirasyon an.

Pa egzanp, règleman an pèmèt yon reprezantan siyen deklarasyon ou si w pa kapab siyen deklarasyon an akòz:

- Maladi oswa blesi.
- Absans kontinyèl, deyò Etazini (enkli Pòtoriko) pou yon peryòd omwen 60 jou anvan dat lalwa egzije pou ranpli deklarasyon an.
- Lòt bon rezo si w mande IRS pèmisyon espesifik epi IRS otorize l.

Lè yon reprezantan siyen yon deklarasyon, deklarasyon an dwe akonpaye pa yon pwokirasyon (oswa kopi li) ki otorize reprezantan an siyen deklarasyon an. Pou plis enfòmasyon, gade entriksyon pou Fòm 2848 la.

Limit nan ranplasman oswa delegasyon. Yon reprezantan yo rekonèt ka ranplase oswa delege otorite yon pwokirasyon bay yon lòt reprezantan yo rekonèt sèlman si aksyon an espesyalman otorize nan pwokirasyon an.

Apre yon sibstitisyon fin fèt, se sèlman nouvo reprezantan yo rekonèt la ki otorize kòm reprezantan kontribiyab la. Si yo te fè yon delegasyon pwokirasyon, IRS ap rekonèt toulede reprezantan orijinal la ak reprezantan delege a.

Divilgasyon deklarasyon pou yon pati tyès. Yon reprezantan pa kapab egzekite konsantman ki pral pèmèt IRS divilge deklarasyon enpo oswa enfòmasyon konsènan deklarasyon an bay yon pati tyès sof si ou espesifikman delege otorite sa a bay reprezantan ou a sou liy 5a nan Fòm 2848.

Enkapasite oswa enkonpetans. Jeneralman yon pwokirasyon sispann si w vin enkapab oswa enkonpetan.

Sepandan, pwokirasyon an ka kontinye, nan ka enkapasite oswa enkonpetans ou si w otorize sa sou liy 5a "Lòt aksyon ki otorize" nan Fòm 2848 la epi si pwokirasyon dirab ou a, ki pa soti nan IRS, satisfè tout kondisyon pou IRS akseptè li. Gade [Manda avoka ki pa soti nan IRS yo](#), pi devan.

Kilè yon Pwokirasyon Obligatwa?

Soumèt yon pwokirasyon lè w vle otorize yon moun resevwa enfòmasyon konfidansyèl enpo w epi reprezante w devan IRS, ke reprezantan an fè oswa pa fè nenpòt nan lòt aksyon site pi bonè anba. [Kisa yon Pwokirasyon Ye?](#)

Souvan yon pwokirasyon obligatwa lè w vle otorize yon lòt moun pou fè omwen youn nan aksyon sa yo pou ou.

1. Reprezante w nan yon rankont ak IRS.
2. Prepare epi depoze yon repons ekri pou yon demann IRS la fè.

Fòm Obligatwa

Itilize Fòm IRS 2848 la pou nonmen yon reprezantan ki rekonèt pou aji sou non w devan IRS. Moun ki rekonèt pou reprezante ou devan IRS la nan lis ki anba *Pati 2—Deklarasyon Reprezantan an*, nan Fòm 2848 la. Reprezantan w lan dwe konplete pati sa nan fòm nan.

Manda avoka ki pa soti nan IRS yo. IRS ap aksepte yon manda avoka ki pa soti nan IRS, men dwe gen yon Fòm 2848 ki ranpli e ki tache a manda avoka a, ka antre nan Sistèm Dokiman Otorizasyon Santralize (CAF) a. Pou plis enfòmasyon, gade [Tretman yon pwokirasyon ki pa yon fòm IRS.](#), annapre.

Si w vle itilize yon dokiman ki diferan de Fòm 2848 la pou otorize reprezantasyon an, li dwe gen enfòmasyon annapre yo.

- Non w ak adrès postal ou.
- Nimewo sekirite sosyal ou (oswa nimewo idantifikasyon kontribyab endividyèl (ITIN)) ak/oswa nimewo idantifikasyon anplwayè a.
- Nimewo plan anplwaye ou a, si sa aplikab.
- Non ak adrès postal reprezantan ou an (yo).
- Kalite enpo ki konsène yo.
- Nimewo fòm enpo federal la.
- Ane oswa peryòd espesifik ki konsène yo.
- Dat lanmò a, si se konsènan afè fiskal byen moun ki mouri.
- Enfòmasyon klè e presi ki fè konnen entansyon w konsènan kalite otorite w akòde reprezantan (yo) an.
- Siyati w ak dat.

Ou dwe tache tou ak pwokirasyon ki pa IRS la, yon deklarasyon siyen epi ki date, reprezantan w lan fè. Deklarasyon sa a, ki rele Deklarasyon Reprezantan an, nan Pati 2 nan Fòm 2848 la. Deklarasyon an dwe di:

1. Kounye a mwen pa anba sispansyon oswa eksklizyon nan reprezantasyon devan Sèvis Revn Entèn nan, oswa lòt responsablite nan pwofesyon m nan, oswa nenpòt lòt otorite,
2. Mwen sijè a règleman ki nan Sikilè 230 lan (31 CFR, Soutit A, Pati 10) jan yo modifiye a, ki gouvènè reprezantasyon devan Sèvis Revni Entèn nan,
3. Mwen otorize pou reprezante kontribyab (yo) yo idantifye nan pwokirasyon an, ak
4. Mwen se yon (nonmen nan ki kapasite w ap reprezante, jan sa ye nan lis reprezantan elijib ki nan Pati II nan Fòm 2848.)

Enfòmasyon obligatwa ki manke. IRS pap aksepte pwokirasyon w ki pa soti nan IRS si li pa genyen tout enfòmasyon ki nan lis ki piwo a. Ou kapab siyen epi soumèt yon Fòm 2848 ki byen ranpli oswa yon nouvo pwokirasyon ki pa soti nan IRS ki gen tout enfòmasyon yo. Si ou pa ka siyen yon dokiman ranplasan ki akseptab, avoka an reyalite ou a kapab pèfeksyone li (fè li akseptab pou IRS) pwokirasyon ki pa fòm IRS la, lè l sèvi avèk pwosedi ki vin annapre a.

Pwosedi pou pèfeksyone yon pwokirasyon ki pa Fòm IRS. Dapre kondisyon sa yo, avoka an reyalite ki nonmen nan pwokirasyon ki pa fòm IRS la kapab siyen Fòm 2848 nan plas ou.

1. Pwokirasyon orijinal ki pa fòm IRS la bay otorite pou jere zafè enpo federal (pou egzanzp, otorite jeneral pou fè nenpòt aksyon).
2. Avoka an reyalite a atache deklarasyon an (ki siyen anba sanksyon pou fo temwayaj) nan Fòm 2848 la ki deklare ke pwokirasyon orijinal ki pa IRS la valab dapre lwa jiridiksyon ki gouvènè a.

Egzanzp. Jan Elm, yon kontribyab, siyen yon pwokirasyon dirab ki pa yon fòm IRS, li nonmen vwazen li ki se yon CPA, Ed Larch, kòm avoka an reyalite li. Pwokirasyon an bay Ed otorite pou l fè nenpòt ak tout aksyon nan plas John. Sepandan, li pa presize enfòmasyon kkonsènan enpo, tankou kalite enpo oswa nimewo fòm enpo yo.

Yon ti tan annapre Jan siyen pwokirasyon an, yo deklare li enkonpetan. Pi devan, yon ka enpo federal vin parèt konsènan yon deklarasyon ane anvan John te ranpli. Ed eseye reprezante John devan IRS men yo pa t aksepte l fè sa, paske pwokirasyon dirab la manke enfòmasyon ki obligatwa ladan l.

Si Ed atache yon deklarasyon (li siyen anba penalite fo temwayaj) pou di pwokirasyon dirab la valab dapre lwa jiridiksyon ki gouvènè a, li kapab ranpi epi siyen Fòm 2848 ki ranpli epi soumèt li nan non John. Si Ed ka reprezante devan IRS (gade [Kiyès ki Ka Reprezante Devan IRS?](#), pi wo a), li ka nonmen tèt li kòm reprezantan sou Fòm 2848 la. Sinon, li dwe nonmen yon lòt moun ki ka reprezante devan IRS.

Tretman yon pwokirasyon ki pa yon fòm IRS. IRS gen yon sistèm òdinatè done santralize ki rele sistèm CAF. Sistèm lan gen ladann enfòmasyon sou otorite reprezantan kontribyab yo. Anjeneral, lè w soumèt yon dokiman pwokirasyon bay IRS, yo trete li pou mete l nan sistèm CAF la. Antre pwokirasyon ou a nan sistèm CAF la pèmèt pèsonel IRS, ki pa gen yon kopi dokiman pwokirasyon ou an, pou verifiye otorite reprezantan w lan lè yo tcheke CAF la. Li pèmèt tou IRS voye otomatikman kopi avi ak lòt kominikasyon IRS bay reprezantan ou si w presize ke reprezantan w ta dwe resevwa kominikasyon sa yo.

Ou ka fè yo antre man sistèm CAF la pwokirasyon ki pa fòm IRS la si w atache l ak yon Fòm 2848 ki ranpli, epi soumèt li bay IRS. Siyati w pa obligatwa; sepandan, avoka an reyalite w la dwe siyen *Deklarasyon Reprezantan an* (gade Pati II nan Fòm 2848 la).

Preparasyon Fòm —Sijesyon Pratik

Egzanzp ki anba a montre preparasyon Fòm 2848 anba [Kòman Pou Mwen Ranpli Fòm 2848 la](#), ki pi devan. Sepandan, sa ki annapre yo pral ede w tou pou prepare fòm nan.

Sijesyon liy-pa-liy. Enstriksyon ki vin annapre yo se rezime sijesyon kèk nan enstriksyon liy pa liy pou Fòm 2848 la.

Liy 1—Enfòmasyon kontribyab la. Si se yon deklarasyon ansanm, mari ak madanm yo chak dwe ranpli yon Fòm 2848 apa, si yo toulede vle yo reprezante yo, menm

si reprezantan an se menm moun nan. Si yon sèl nan konjwen yo ki vle pou moun reprezante l nan ka a, komjwen sa a ap ranpli yon Fòm 2848. Pou kontribyab yo ki poko gen 18 an, donk ki pa kapab siyen, paran moun nan oswa gadyen tribinal nonmen an (ki gen dokiman tribinal la) ka siyen nan non kontribyab la. Lòt moun ka siyen pou kontribyab la si yo gen yon Fòm 2848 ke paran oswa gadyen tribinal nonmen an te siyen pou otorize yo siyen nan non kontribyab la.

Liy 2—Reprezantan (yo). Se sèlman moun yo ka nonmen kòm reprezantan. Si yo pa t bay reprezantan w la yon nimewo CAF, antre "None" nan liy sa a epi IRS ap bay reprezantan w lan youn. Si adrès oswa nimewo telefòn reprezantan an chanje depi yo te ba l nimewo CAF la, ou ta dwe tcheke bwat ki apwopriye a. Antre nimewo faks reprezantan an si l disponib.

Si w vle mete plis pase kat (4) reprezantan, atache Fòm 2848 adisyonèl (yo). IRS pral voye kopi avi ak kominikasyon pou jiska de (2) nan reprezantan w yo. Ou **dwe**, sepandan, tcheke bwat ki sou liy 2 nan Fòm 2848 la si w vle IRS voye kopi avi ak kominikasyon regilyèman pou reprezantan w yo. Si w pa tcheke kare yo, reprezantan w yo pap resevwa kopi avi ak kominikasyon regilyèman.

Liy 3—Aksyon ki otorize (Ka enpo). Ou ka mete ane/ peryòd aktyèl la ak nenpòt ane oswa peryòd enpo ki te deja fini nan dat ou siyen pwokirasyon an. Ou gendwa mete ane oswa peryòd fiskal kap vini yo tou. **Sepandan, IRS pa pral anrejistre nan sistèm CAF la ane fiskal fiti oswa peryòd ki depase 3 ane apati 31 desanm ane IRS resevwa pwokirasyon an.** Pa itilize referans jeneral tankou "Tout ane yo," "Tout peryòd yo," oswa "Tout enpo yo." IRS ap retounen nenpòt pwokirasyon ki gen referans jeneral ladan l.

Liy 4—Itilizasyon espesifik ki pa anrejistre nan Dosye Otorizasyon Santralize (CAF). Gen kèk bagay ki pa ka anrejistre nan sistèm CAF la. Egzanp ka sa yo enkli, men se pa sa sèlman, sa ki annapre yo. (Gen yon lis ki pi detaye ki parèt nan enstriksyon Fòm 2848 la.)

- Demann pou yon desizyon pa mwayen yon lèt prive oswa konsèy teknik.
- Aplikasyon pou yon nimewo idantifikasyon anplwayè (EIN).
- Reklamasyon ki fèt sou Fòm 843, Reklamasyon pou Ranbousman ak Demann pou Rediksyon.
- Fèmen yon sosyete.
- Demann pou chanjman metòd kontabilite.
- Demann pou chanjman peryòd kontabilite.
- Aplikasyon pou rekonèt egzanpsyon anba seksyon 501(c)(3), 501(a), oswa 521 (Fòm 1023, 1024, oswa 1028).
- Mande pou yon detèminasyon konsènan estati kalifye yon plan benefis pou anplwaye (Fòm 5300, 5307, oswa 5310).
- Aplikasyon pou Prim Enfòmasyon Orijinal anba seksyon 7623.
- Soumisyon volontè yo anba Sistèm Rezolisyon Konfòmite Plan Anplwaye (EPCRS).

- Demann sou baz Lwa Libète Enfòmasyon.

liy 3 Fòm 2848 la konsène youn nan zafè sa yo espesyalman, tcheke kare ki sou liy 4 la. Si yo tcheke kare sa a, reprezantan an ta dwe poste pa lapòs oswa fakse pwokirasyon an bay biwo IRS k ap jere ka a. Sinon, reprezantan an ta dwe pote yon kopi pwokirasyon an pou chak reyinyon avèk IRS.

Ki kote Pou Depoze Pwokirasyon an

Anjeneral, ou kapab poste, pa mwayen lapòs, oswa fakse yon kopi papyè Fòm 2848 dirèkteman bay IRS. Pou detèmine ki kote w ta dwe voye Fòm 2848 la, gade *Ki Kote Pou Yo Depoze* nan enstriksyon pou Fòm 2848 la.

Si Fòm 2848 se pou yon itilizasyon espesifik, voye l pa mwayen lapòs oswa fakse li bay biwo k ap jere ka a. Pou plis enfòmasyon sou itilizasyon espesifik, gade *Liy 4. Itilizasyon Espesifik la Pa Anrejistre nan CAF* nan Enstriksyon pou Fòm 2848 la.

Kopi FAKSE. IRS pral aksepte kopi yon pwokirasyon ki transmèt pa mwayen faks. Si w chwazi depoze yon pwokirasyon pa faks, ou dwe asire w biwo IRS ki apwopriye a ekipe pou aksepte kalite transmisyon sa a.



Reprezantan w lan kapab depoze Fòm 2848 elektwonikman pa mwayen sit entènèt IRS la. Pou plis enfòmasyon, reprezantan w lan kapab ale sou [IRS.gov/ht/eServices](https://www.irs.gov/ht/eServices). Si w ranpli Fòm 2848 pou otorizasyon siyati elektwonik, pa ranpli Fòm 2848 bay IRS. Olye de sa, bay reprezantan w lan li, l ap kenbe dokiman an.

Mete yon pwokirasyon ajou. Soumèt nenpòt mizajou oswa modifikasyon nan yon pwokirasyon ki egziste deja alekri. Siyati w (oswa siyati moun (yo) ki otorize pou siyen nan non w) obligatwa. Fè sa lè w voye Fòm 2848 ki ajou a oswa pwokirasyon ki pa fòm IRS la, bay biwo (yo) IRS kote w te deja voye orijinal (yo), ki gen ladan l sant sèvis kote deklarasyon ki konsène a te ye, oswa kote yo pral depoze l la.

Yon reprezantan yo rekonèt ka fè ranplase l oswa delege otorite si, nan pwokirasyon orijinal la, ou otorize reprezantan w lan espesyalman pou moun ranplase l oswa pou l delege reprezantasyon. Pou fè yon sibstitisyon oswa yon delegasyon, reprezantan an dwe depoze atik sa yo nan biwo IRS kote yo te depoze pwokirasyon an.

1. Yon avi alekri konsènan sibstitisyon oswa delegasyon an ki siyen pa reprezantan yo rekonèt la.
2. Yon Deklarasyon Reprezantasyon alekri nouvo reprezantan an fè.
3. Yon kopi pwokirasyon ki espesyalman otorize sibstitisyon an oswa delegasyon an.

Retansyon / Revokasyon Pwokirasyon anvan yo

Yon nouvo pwokirasyon ki depoze konsènan menm ka a, pral revoke yon pwokirasyon ki te deja ranpli. Sepandan, nouvo pwokirasyon an pap revoke pwokirasyon anvan an si li presize li pa revoke pwokirasyon ki te la anvan yo, epi youn

nan dokiman ki vin annapre yo tache ak nouvo pwokirasyon an.

- Yon kopi pwokirasyon ki pa revoke a, oswa
- Yon deklarasyon kontribyab la siyen ki bay non ak adrès chak reprezantan ki otorize ak adrès chak reprezantan ki otorize anba pwokirasyon ki pa revoke a.

Remak. Depoze yo depoze Fòm 2848 la pap revoke okenn Fòm 8821 ki anvigè.

Anilasyon Pwokirasyon/ Anilasyon Reprezantan

Revokasyon kontribyab la fè. Si w vle revoke yon pwokirasyon ki te egzekte deja epi ou pa vle nonmen yon nouvo reprezantan, ou dwe ekri "REVOKE" anlè premye paj Fòm 2848 la epi w siyen ak date imedyatman anba mo revoke a. Apre sa, ou dwe swa poste pa lapòs oswa fakse yon kopi pwokirasyon ki make revoke a, bay IRS, lè w sèvi avèk *Tablo kote Pou Depoze a* nan enstriksyon pou Fòm 2848, oswa si pwokirasyon an se pou yon ka espesifik, bay biwo IRS k ap jere ka a.

Si w pa gen yon kopi pwokirasyon ou vle revoke a, ou dwe voye bay IRS yon deklarasyon revokasyon ki endike otorite pwokirasyon an anile, lis ka yo ak ane/peryòd yo, epi bay lis non ak adrès chak reprezantan yo rekonèt, otorite yo ap revoke a. Ou dwe siyen epi date deklarasyon sa a. Si w ap konplètman anile otorite, ekri "retire tout ane/peryòd" olye w mete lis ka espesifik ak ane/peryòd yo.

Reprezantan an demisyone. Si reprezantan ou an vle retire tèt li nan reprezantasyon an, li dwe ekri "WITHDRAW" anlè premye paj Fòm 2848 la, epi li dwe siyen ak date l imedyatman anba anotasyon an. Lè sa a, li dwe bay IRS yon kopi pwokirasyon an ak anons retrè a nan menm fason ki dekri nan [Revokasyon kontribyab la fè](#) ki pi wo a. Si reprezantan w lan pa gen yon kopi pwokirasyon li vle retire a, li dwe voye yon deklarasyon bay IRS pou retire li, ki endike otorite pwokirasyon an retire, bay lis zafè yo ak ane/peryòd yo, ak lis non, TIN, ak adrès (si li konnen l) kontribyab la. Reprezantan an dwe siyen epi date deklarasyon sa a.

Y ap anrejistre yon pwokirasyon yon etidyan genyen sou sistèm CAF la pou 130 jou soti nan dat yo resevwa l la. Si w ap otorize yon etidyan pou reprezante w apre tan sa a, w ap bezwen soumèt yon lòt Fòm 2848 ki ajou.

Kilè yon Pwokirasyon Pa Obligatwa?

Yon pwokirasyon pa obligatwa lè tyès pati a pap reprezante w devan IRS kòm reprezantan w. Sitiyasyon sa yo pa mande pou yon pwokirasyon.

- Bay IRS enfòmasyon.
- Otorize divilgasyon enfòmasyon deklarasyon enpo pa mwayen Fòm 8821, *Otorizasyon Enfòmasyon Enpo*, oswa lòt konsantman divilgasyon ekri oswa oral.
- Pèmèt IRS pale sou enfòmasyon deklarasyon ak yon tzyès pati pa mwayen kaz ki nan deklarasyon enpo a oswa lòt dokiman.

- Pèmèt reprezantan yon patenarya (PR) pou fè aksyon patenarya a anba rejim odit santralize patenarya pou ane enpo ki kòmanse apre 31 desanm 2017; sepandan, gade prekosyon ki anba a pou eleksyon pou pi bonè.
- Pèmèt patnè ka enpo a (TMP) aji pou patenarya a pou ane fiskal patenarya ki fini anvan 1ye janvyè 2018.
- Pèmèt IRS pale konsènan deklarasyon enfòmasyon ak yon administratè.



Pou ane enpo patenarya ki kòmanse apre 31 desanm 2017, Lwa sou Bidjè 2015 la, ki aboli pwosedi odit patenarya yo rele TEFRA ansanm ak pwosedi litij ak règ ki aplikab pou eleksyon gwo patenarya epi ranplase yo ak yon nouvo rejim odit patenarya santralize, te elimine wòl "patnè zafè enpo" a epi ranplase li ak "Reprezantan Patenarya." Dapre Règleman Trezò seksyon 301.9100-22T, sèten patenarya ka chwazi pou yo fè nouvo rejim lan aplike nan deklarasyon patenarya pou ane fiskal k ap kòmanse apre 2 Novanm 2015, epi anvan 1ye janvyè 2018.

Kòman Pou M Ranpli Fòm 2848 la?

Egzanp sa a montre kijan pou ranpli Fòm 2848 la.

Egzanp. Egzanp. Stan ak Mary Doe te jwenn avi odit deklarasyon revni enpo yo a (Fòm 1040) pou ane 2014, 2015, ak 2016. Yo deside nonmen Jim Smith, yon ajan ki anwòle, pou reprezante yo nan zafè sa a ak nan nenpòt pwoblèm alavni ki konsène deklarasyon sa yo. Jim, te prepare deklarasyon nan menm kote a pandan plizyè ane, li deja gen yon nimewo dosye otorizasyon santralize (CAF) yo asiyen l. Mari pa vle Jim siyen okenn akò sou non li, men Stan vle Jim fè sa pou li. Stan ak Mary otorize Jim tou pou sèvi ak yon Founisè Sèvis Entèmedyè pou jwenn aksè nan dosye IRS yo. Yo vle kopi tout avi epi ekri kominikasyon yo voye bay Jim. Se premye fwa Stan ak Mary bay nenpòt moun pouvwa. Yo chak ta dwe ranpli yon Fòm 2848 jan sa a ye pi ba a.

Liy 1—Enfòmasyon kontribyab yo. Stan epi Mari yo chak dwe ranpli yon Fòm 2848 separe. Sou Fòm 2848 separe li a, Stan ap antre non li, adrès li, epi nimewo sekirite sosyal li nan espas yo bay la. Mari ap fè menm jan an tou sou Fòm 2848 separe li a.

Liy 2—Reprezantan (yo). Sou Fòm 2848 separe yo a, Stan ak Mary chak ap antre non ak adrès aktyèl reprezantan yo chwazi a, Jim Smith. Stan ak Mary vle pou Jim Smith resevwa avi ak kominikasyon konsènan zafè ki idantifye nan liy 3 a, konsa sou fòm 2848 separe yo, Stan ak Mary chak ap tcheke bwat premye kolòn nan liy 2 a. Yo antre tou nimewo CAF Mesye Smith la, nimewo idantifikasyon (PTIN) preparatè enpo li a, nimewo telefòn li, ak nimewo faks li. Adrès, nimewo telefòn, ak nimewo faks Misye Smith pa chanje depi IRS te bay nimewo CAF la, kidonk Stan ak Mary pa tcheke kaz ki nan dezyèm kolòn nan.

Liy 3—Aksyon otorize (Afè enpo). Sou Fòm 2848 separe yo, Stan ak Mari chak antre "enpo sou revni" pou deskripsyon

matyè a, "1040" pou nimewo fòm nan, epi "2014, 2015, ak 2016" pou ane enpo yo.

Liy 4—Itilizasyon espesifik ki pa anrejistre nan Dosye Otorizasyon Santralize (CAF). Sou Fòm 2848 separe yo a, Stan ak Mari pa mete anyen sou liy sa a paske yo pa vle mete restriksyon sou itilizasyon pwokirasyon an pou yon itilizasyon espesifik ki pa anrejistre sou CAF la. Gade [Preparasyon Fòm nan — Endis ki Itil](#), ki pi wo a.

Liy 5—Aksyon adisyonèl otorize ak restriksyon. Mary vle siyen nenpòt akò ki reflekte chanjman nan obligasyon enpo sou revni li te fè ansanm ak Stan pou ane 2014, 2015, ak 2016, konsa li ekri "Kontribyab la dwe siyen nenpòt fòm akò" nan liy 5b nan Fòm 2848 li a. Stan pa vle mete restriksyon sou otorite Jim Smith nan sans sa a, kidonk li kite liy 5b Fòm 2848 li a vid. Si swa Mari oswa Stan te vle chwazi, yo te kapab mete nan lis lòt restriksyon sou liy 5b Fòm 2848 separe yo a. Epitou, toulede Mary ak Stan bwat "Aksede dosye IRS mwen pa mwayen yon Founisè Sèvis Entèmedyè" sou liy 5a pou pèmèt Jim jwenn aksè nan dosye IRS yo atravè yon Founisè Sèvis Entèmedyè.

LLiy 6—Retansyon / anilasyon ansyen pwokirasyon (yo). Stan ak Mari yo chak ap ranpli premye pwokirasyon yo, kidonk yo pa fè mete anyen sou liy sa a. Sepandan, si yo te depoze pwokirasyon anvan sa, nouvo Fòm aktyèl la t ap revoke sa ki te la anvan yo pou menm zafè enpo (yo) sof si yo tcheke kare ki sou liy 6 la epi yo tache yon kopi pwokirasyon anvan an ke yo te vle rete anvigè a.

Si annapre Mary decide li ka jere egzamen an poukont li, li ka revoke pwokirasyon li menmsi Stan pa anile pwokirasyon pa li a. (Gade [Anilasyon Pwokirasyon/ Anilasyon Repezantan](#), pi wo a, pou règ espesyal ki aplike yo.)

Liy 7—Siyati kontribyab la. Stan ak Mari chak siyen epi date Fòm 2848 pa li. Si yon kontribyab pa siyen, IRS pa kapab aksepte fòm nan.

Pati II— Deklarasyon Repezantan an. Jim Smith dwe ranpli pati Fòm 2848 sa a. Si li pa siyen pati sa a, IRS pa kapab aksepte fòm nan.

Kisa k ap rive Pwokirasyon an apre yo fin Depoze I?

Y ap rekonèt yon pwokirasyon apre yo fin resevwa, revize, epi detèmine pa IRS li genyen enfòmasyon ki nesèsè yo. Sepandan, jiskaske yon pwokirasyon antre nan sistèm CAF la, pèsònèl IRS la ka pa konnen otorite moun ou te nonmen pou reprezante w la. Se poutèt sa, pandan peryòd pwovizwa sa a, pèsònèl IRS la ka mande pou oumenm oswa reprezantan w lan pote yon kopi nan nenpòt reyinyon ak IRS.

Tretman ak Jesyon

Fason yo trete pwokirasyon an depann de si li se yon dokiman ki konplè oswa ki pa konplè.

Dokiman ki pa konplè. Si Fòm 2848 la enkonplè, IRS pral eseye sekirize enfòmasyon ki manke yo swa lè li ekri ou oswa nan telefòn ou oswa reprezantan ou. Pa egzanp, si siyati w

oswa dat siyati a manke, IRS pral kontakte w. Si enfòmasyon konsènan Repezantan k lan manke epi gen ase enfòmasyon pou fè yon kontak (tankou yon adrès ak/oswa yon nimewo telefòn) nan dokiman an, IRS ap eseye kontakte repezantan w.

Nan nenpòt ka, pwokirasyon an pa konsidere kòm valab jiskaske tout enfòmasyon yo mande yo antre sou dokiman an. Yo pap rekonèt moun ki nonmen (yo) kòm repezantan (yo) pou pratike devan IRS, sou non w, jiskaske dokiman an fin ranpli epi IRS aksepte l.

Dokiman konplè. Si pwokirasyon an konplè epi li valab, IRS pral pran aksyon pou rekonèt repezantan an. Nan pifò ka, sa enkli pwosesis dokiman sou sistèm CAF la. Anrejistremant done sou sistèm CAF la pèmèt IRS dirije kopi korespondans bay repezantan ki otorize yo epi fasilman rekonèt dimansyon otorite yo bay yo.

Dokiman yo pa trete nan sistèm CAF la. Manda avoka ki pou itilizasyon espesifik yo pa trete nan sistèm CAF la (gade [Preparasyon Fòm Sijesyon Pratik](#), pi wo a). Pa egzanp, yon pwokirasyon pou yon sèl fwa oswa yon otorizasyon pou yon aksyon presi, pa trete sou sistèm CAF la. Dokiman konsa yo rete nan dosye ka ki gen rapò yo. Nan sityasyon sa a, ou ta dwe tcheke kare bwat ki sou liy 4 Fòm 2848 la. Nan sityasyon sa yo, repezantan an ta dwe pote yon kopi pwokirasyon an nan chak reyinyon ak IRS.

Kominike Avèk Repezantan an

Apre yo fin ranpli yon pwokirasyon valab, IRS pral rekonèt repezantan w lan. Sepandan, si li parèt repezantan responsab nan retade oswa anpeche yon fason ki pa rezonab, dispozisyon rapid yon ka IRS, akoz li pa bay enfòmasyon ki pa privilejye, apre plizyè demann, IRS ka kontakte w dirèkteman. Pa egzanp, nan pifò ka kote yo rekonèt yon pwokirasyon, IRS pral kontakte repezantan an pou pran randevou, ak pou bay repezantan an lis atik obligatwa yo. Sepandan, si repezantan an pa disponib, li pa reponn demann repete yo, epi li pa bay atik obligatwa yo (sof pou atik ki konsidere kòm privilejye), IRS ka sote repezantan w lan epi kontakte w dirèkteman.

Si yon repezantan angaje nan konduit ki dekri pi wo a, yo ka refere pwoblèm nan bay Biwo Responsablite Pwofesyonèl la pou konsidere aksyon disiplinè ki posib.

Avi ak lòt korespondans. Si w vle otorize repezantan w pou l resevwa kopi nan tout avi ak kominikasyon IRS voye ba ou, ou dwe tcheke kaz ki anba non ak adrès repezantan an. **Pa plis pase de (2) repezantan ka resevwa kopi avi ak kominikasyon IRS voye ba ou.** Pa tcheke bwat la si w pa vle pou kopi avi ak kominikasyon yo al jwenn repezantan w lan (yo).

Remak. Repezantan yo pap resevwa fòm, bibliyasyon, ak lòt dokiman ki gen rapò ak korespondans lan.

Ki jan Pou Jwenn Èd Enpo

Si w gen kesyon sou yon pwoblèm enpo, ou bezwen èd pou prepare deklarasyon enpo w, oswa ou vle telechaje piblikasyon, fòm, oswa enstriksyon gratis, ale sou [IRS.gov](https://www.irs.gov) epi jwenn resous ki ka ede w touswit.

Prepare ak ranpli deklarasyon enpo w. Jwenn opsyon gratis pou prepare epi ranpli deklarasyon ou sou [IRS.gov](https://www.irs.gov) oswa nan kominote lokal ou a si w kalifye.

Pwogram Volontè Asistans Enpo sou Revni a (VITA) ofri èd enpo gratis pou moun ki jeneralman fè \$54 000 oswa mwens, moun ki andikape, ak kontribiyab ki pa pale anglè byen, ki bezwen èd pou prepare pwòp deklarasyon enpo yo. Konsèyè Enpo pou Moun Aje (TCE) ofri èd enpo gratis pou tout kontribiyab, sitou sa yo ki gen 60 ane laj oswa ki pi gran. Volontè TCE yo espesyalize nan reponn kesyon sou pansyon ak pwoblèm ki gen rapò ak retrèt ki inik pou moun aje yo.

Ou kapab ale sou [IRS.gov](https://www.irs.gov) pou wè opsyon pou prepare ak ranpli deklarasyon w, enkli sa ki annapre yo.

- **Ranpli Gratis.** Ale sou [IRS.gov/FreeFile](https://www.irs.gov/FreeFile). Gade si w kalifye pou itilize lojisyèl pou prepare epi *depoze elektwonikman (e-file)* deklarasyon enpo federal ou a gratis.
- **VITA.** Ale sou [IRS.gov/VITA](https://www.irs.gov/VITA), telechaje aplikasyon IRS2Go a gratis, oswa rele 1-800-906-9887 pou jwenn lokal VITA ki pi pre a pou prepare enpo gratis.
- **TCE.** Ale sou [IRS.gov/TCE](https://www.irs.gov/TCE), telechaje aplikasyon IRS2Go a gratis, oswa rele 1-888-227-7669 pou ou jwenn kote ki gen TCE ki pi pre w la pou prepare enpo w gratis.



Jwenn repons pou kesyon enpo w yo. Sou [IRS.gov](https://www.irs.gov) w ap jwenn repons pou kesyon enpo w yo nenpòt lè, nenpòt kote.

- Ale sou [IRS.gov/Help](https://www.irs.gov/Help) oswa paj [IRS.gov/LetUsHelp](https://www.irs.gov/LetUsHelp), pou yon varyete zouti k ap ede w jwenn repons pou anpil nan kesyon enpo ki pi komen yo.
- Ale sou [IRS.gov/ITA \(an anglè\)](https://www.irs.gov/ITA) pou Asistan Entèaktif Enpo a, yon zouti k ap poze w kesyon sou yon kantite sijè sou lwa fiskal epi bay w repons. Ou kapab enprime tout entèvyou a ak dènye repons lan pou dosye w.
- Ale sou [IRS.gov/Pub17 \(an anglè\)](https://www.irs.gov/Pub17) pou jwenn Piblikasyon 17, Enpo sou Revni Federal pou Endividi, ki gen detay sou opòtinite pou ekonomize enpo, chanjman enpo ane 2017, ak plizyè milye lyen entèaktif pou ede w jwenn repons kesyon w yo. Gade li sou entènèt nan HTML, kòm yon PDF, oswa telechaje li sou aparèy mobil ou kòm yon liv elektwonik (eBook).
- Ou kapab tou jwenn aksè enfòmasyon lwa enpo nan lojisyèl elektwonik pou ranpli enpo a.

Jwenn fòm enpo ak piblikasyon. Ale sou [IRS.gov/Forms \(an anglè\)](https://www.irs.gov/Forms) pou w gade, telechaje, oswa enprime tout fòm ak piblikasyon ou ka bezwen. Ou kapab telechaje epi gade piblikasyon enpo ki popilè ak enstriksyon yo (sa enkli enstriksyon fòm 1040 yo) sou aparèy mobil tankou eBook gratis. Oswa, ou kapab ale sou [IRS.gov/OrderForms](https://www.irs.gov/OrderForms) pou

plase yon kòmman epi mande yo voye fòm yo pa lapòs pou ou sou 10 jou travay.

Aksede kont ou sou entènèt (Kontribiyab Endividyèl sèlman). Ale sou [IRS.gov/Account](https://www.irs.gov/Account) pou jwenn aksè an sekirite nan enfòmasyon sou kont enpo federal ou.

- Gade kantite lajan w dwe, peye sou entènèt oswa fè yon akò peman sou entènèt.
- Aksede dosye enpo w yo sou entènèt.
- Gade istwa peman dènye 18 mwa yo.
- Ale sou [IRS.gov/SecureAccess](https://www.irs.gov/SecureAccess) pou analize pwosesis otantifikasyon idantite obligatwa a.

Itilize depo dirèk. Mwayen ki pi rapid pou resevwa yon ranbousman enpo se pou konbine depo dirèk ak IRS *depoze elektwonikman (e-file)*. Depo dirèk transfere ranbousman ou an sekirite epi elektwonikman, dirèkteman nan kont finansye w. Uit sou 10 kontribiyab itilize depo dirèk pou resevwa yon ranbousman. IRS bay plis pase 90% nan ranbousman nan mwens pase 21 jou.

Ranbousman anreta pou deklarasyon ki reklame sèten kredi. Akòz chanjman nan lalwa, IRS pa kapab bay ranbousman anvan mitan mwa fevriye 2018, pou deklarasyon ki byen reklame kredi pou revni w touche (EIC) oswa kredi enpo adisyonèl pou timoun (ACTC). Sa aplike a tout ranbousman an, pa sèlman pòsyon ki asosye ak kredi sa yo.

Jwenn yon relve nòt oswa kopi yon deklarasyon. Mwayen ki pi rapid pou jwenn yon kopi transkripsyon enpo w se pou ale sou [IRS.gov/Transcripts](https://www.irs.gov/Transcripts). Klike sou swa "Jwenn Transkripsyon sou entènèt" oswa "Jwenn relve nòt pa lapòs" pou kòmande yon kopi relve nòt ou a. Si w prefere, ou kapab:

- Rele 1-800-908-9946 pou w kòmande transkripsyon w lan.
- Voye Fòm 4506-T oswa Fòm 4506T-EZ pa lapòs (toulede (2) disponib sou [IRS.gov](https://www.irs.gov)).

Itilize zouti sou entènèt pou ede w prepare deklarasyon w. Ale sou [IRS.gov/Tools](https://www.irs.gov/Tools) pou zouti sa yo.

- [Asistan Kredi Enpo sou Revni ou Touche \(IRS.gov/EIC\)](https://www.irs.gov/EIC) detèmine si w kalifye pou EIC a.
- [Aplikasyon EIN Sou Entènèt \(IRS.gov/EIN\)](https://www.irs.gov/EIN) ede w jwenn yon nimewo idantifikasyon anplwayè.
- [Kalkilatè Prelèvman IRS la \(IRS.gov/W4App\)](https://www.irs.gov/W4App) estime kantite lajan yo dwe preleve nan chèk ou pou rezon enpo federal sou revni.
- [Zouti Konsiltasyon Kredi pou Premye Achay Kay \(an anglè\) \(IRS.gov/HomeBuyer \(an anglè\)\)](https://www.irs.gov/HomeBuyer) bay enfòmasyon sou ranbousman ou ak montan kont ou.
- [Kalkilatè Dediksyon Enpo sou Lavant lan \(an anglè\) \(IRS.gov/SalesTax \(an anglè\)\)](https://www.irs.gov/SalesTax) kalkile kantite lajan ou kapab reklame si w detaye dediksyon nan Barèm A (Fòm 1040), chwazi pa reklame enpo revni leta ak gouvènman lokal, epi ou pa t sere resi w yo ki montre enpo sou lavant ou te peye a.

Rezoud pwoblèm vòl idantite ki gen rapò ak enpo.

- IRS pa kòmanse kontak ak kontribiyab pa imel oswa telefòn pou mande enfòmasyon pèsonèl oswa finansye. Sa enkli nenpòt kalite kominikasyon elektwonik, tankou mesaj tèks ak chanèl rezo sosyal yo.
- Ale sou [IRS.gov/IDProtection](https://www.irs.gov/IDProtection) pou enfòmasyon ak videyo.
- Si nimewo SSN ou an te pèdi oswa yo vòlè l, oswa ou sispèk ou se yon viktim vòl idantite ki gen rapò ak enpo, vizite [IRS.gov/ID](https://www.irs.gov/ID) pou w aprann ki sa ou ta dwe fè.

Tcheke estati ranbousman ou an.

- Ale sou [IRS.gov/Refunds](https://www.irs.gov/Refunds).
- Akoz chanjman nan lwa a, IRS pa kapab bay ranbousman anvan mitan mwa fevriye 2018, pou deklarasyon ki byen reklame EIC oswa ACTC. Sa a aplike a tout ranbousman an, pa sèlman pòsyon ki asosye ak kredi sa yo.
- Telechaje aplikasyon ofisyèl IRS2Go a sou aparèy mobil ou pou tcheke ranbousman w.
- Rele liy asistans ranbousman otomatik la nan 1-800-829-1954.

Fè peman enpo. IRS itilize dènye teknoloji enkripsyon pou asire peman elektwonik ou yo an sekirite. Ou ka fè peman elektwonik sou Entènèt, nan telefòn, ak nan yon aparèy mobil lè w sèvi avèk aplikasyon IRS2Go a. Peye elektwonikman rapid, li fasil, epi l pi vit pase poste yon chèk oswa manda postal. Ale sou [IRS.gov/Payments](https://www.irs.gov/Payments) pou w fè yon peman lè w sèvi avèk nenpòt nan opsyon sa yo.

- **Peye IRS Dirèk:** Peye bòdwo enpo oswa estimasyon peman enpo ki soti dirèkteman nan kont chèk ou oswa kont epay ou a gratis.
- **Kat dedi oswa kredi:** Chwazi yon pwosesè peman apwouve pou peye sou entènèt, pa telefòn, ak aparèy mobil.
- **Retrè Fon Elektwonikman:** Yo ofri chwa sa a sèlman lè w ranpli enpo federal ou avèk lojisyèl preparasyon enpo oswa atravè yon pwofesyonèl enpo.
- **Sistèm Peman Enpo Federal Elektwonikman:** Pi bon opsyon pou biznis yo. Enkripsyon obligatwa.
- **Chèk oswa manda lajan:** Poste peman w nan adrès ki nan avi a oswa enstriksyon yo.
- **Lajan Kach:** Ou kapab peye enpo w dwe ak lajan kach nan yon boutik yo deziyen pou sa.

E si mwen pa kapab peye kounyea? Ale sou [IRS.gov/Payments](https://www.irs.gov/Payments) pou plis enfòmasyon konsènan opsyon w yo.

- Aplike pou yon [plan peman anliy \(IRS.gov/OPA\)](https://www.irs.gov/OPA) pou ranpli obligasyon enpo w an vèsman chak mwa si w pa kapab peye enpo w an antye jodi a. Yon fwa w ranpli pwosesis la sou entènèt, ou pral resevwa notifikasyon imedyat pou konnen si akò w la apwouve.
- Itilize [Sèvi ak Zouti Pre-Kalifikasyon pou Pwopozisyon Konpwomi \(IRS.gov/OIC\)](https://www.irs.gov/OIC) pou wè si w kapab regle dèt enpo w pou mwens pase kantite lajan w dwe a.

Tcheke estati yon deklarasyon modifiye. Ale sou [IRS.gov/WMAR](https://www.irs.gov/WMAR) pou tcheke estati fòm 1040X deklarasyon modifiye yo. Tanpri sonje sa ka pran jiska 3 semèn apati dat ou te voye demann modifiye w pa lapòs pou li parèt nan sistèm nan epi tretman li kapab pran jiska 16 semèn.

Konprann yon avi oswa yon lèt IRS. Ale sou [IRS.gov/Notices](https://www.irs.gov/Notices) pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou reponn a yon avi oswa yon lèt IRS.

Kontakte biwo lokal IRS ou a. Sonje byen, ou ka jwenn repons anpil kesyon sou IRS.gov san w pa vizite yon Sant Asistans Enpo (TAC) IRS. Ale nan [sou paj IRS.gov/LetUsHelp](https://www.irs.gov/LetUsHelp) pou sijè moun poze kesyon sou yo pi souvan yo. Si w toujou bezwen èd, TAC IRS la bay èd enpo lè yon pwoblèm fiskal pa ka jere sou entènèt oswa pa telefòn. Kounye a, tout TAC yo bay sèvis sou randevou, konsa w ap konnen davans ou ka jwenn sèvis ou bezwen an san ret tann anpil tan. Anvan w vizite, ale sou [IRS.gov/TACLocator \(an anglè\)](https://www.irs.gov/TACLocator) pou w jwenn TAC ki pi pre w la, tcheke orè, sèvis ki disponib, ak opsyon randevou. Oswa, ale sou aplikasyon IRS2Go a, anba tab Rete Konekte, chwazi opsyon Kontakte Nou an epi klike sou "Biwo lokal yo."

Gade videyo IRS yo. Pòtal Videyo IRS la ([IRSvideos.gov \(an anglè\)](https://www.irs.gov/IRSvideos)) gen prezantasyon videyo ak odyo pou moun, ti biznis, ak pwofesyonèl enpo.

Jwenn enfòmasyon enpo nan lòt lang. Pou kontribiyab angle pa lang premsipal yo, nou gen resous ki annapre yo ki disponib. Kontribiyab yo kapab jwenn enfòmasyon sou IRS.gov nan lang sa yo.

- [Panyòl \(IRS.gov/Spanish\)](https://www.irs.gov/Spanish).
- [Chinwa \(IRS.gov/Chinese\)](https://www.irs.gov/Chinese).
- [Vyetnamiyen \(IRS.gov/Vietnamese\)](https://www.irs.gov/Vietnamese).
- [Koreyen \(IRS.gov/Korean\)](https://www.irs.gov/Korean).
- [Ris \(IRS.gov/Russian\)](https://www.irs.gov/Russian).

TAC IRS yo bay sèvis entèprèt nan telefòn nan plis pase 170 lang, e sèvis gratis la disponib pou kontribiyab yo.

Sèvis Defansè Kontribiyab la la Pou Ede W

Kisa Sèvis Defansè Kontribiyab la ye?

Sèvis Defansè Kontribiyab la (TAS) se yon **òganizasyon endepandan** nan IRS ki ede kontribiyab yo epi ki pwoteje dwa kontribiyab yo. Travay nou se asire n yo trete chak kontribiyab san patipri e w konnen epi konprann dwa w yo anba Deklarasyon Dwa Kontribiyab la [Deklarasyon Dwa Kontribiyab la \(an anglè\)](https://www.irs.gov/DeclarasyonDwaKontribiyabLa).

Kisa Sèvis Defansè Kontribiyab la Kapab Fè Pou Ou?

Nou ka ede w rezoud pwoblèm ou pa ka rezoud ak IRS. Sèvis nou an gratis. Si w kalifye pou asistans nou an, n ap asiyen w a yon defansè ki pral travay avèk ou pandan tout

pwosesis la, epi li pral fè tout sa ki posib pou rezoud pwoblèm ou an. TAS ka ede w si:

- Pwoblèm ou an lakòz difikilte finansye pou ou menm, fanmi w, oswa biznis ou,
- W ap fè fas a (oswa biznis ou ap fè fas a) yon menas imedya aksyon negatif, oswa
- Ou te eseye kontakte IRS plizyè fwa men pèsòn pa t reponn, oswa IRS pa t reponn nan dat yo te pwomèt la.

Kijan W Ka Kontakte Nou?

Nou gen biwo [nan chak eta, Distri Columbia a, ak Pòtoriko \(Puerto Rico\) \(an anglè\)](#). Nimewo defansè lokal ou a nan anyè zòn ou an ak nan [TaxpayerAdvocate.IRS.gov/Contact-Us \(an anglè\)](#). Ou ka rele nou tou nan 1-877-777-4778.

Ki jan w Ka Aprann Dwa w yo antanke kontribyab?

Deklarasyon Dwa Kontribyab yo dekri 10 dwa debaz tout kontribyab genyen lè y ap fè fas ak IRS. Zouti enpo nou an nan [TaxpayerAdvocate.IRS.gov \(an anglè\)](#) kapab ede w

konprann [kisa dwa sa yo vle di pou ou \(an anglè\)](#) ak fason yo aplike. Sa yo se **dwa** w. Konnen yo. Sèvi ak yo.

Ki lòt fason Sèvis Defansè Kontribyab la ka ede kontribyab yo?

TAS travay pou rezoud pwoblèm sistemik ki afekte anpil kontribyab. Si w konnen youn nan pwoblèm sa yo, tanpri rapòte li nan [IRS.gov/SAMS \(an anglè\)](#).

Klinik pou Kontribyab Ti Revni

Klinik pou kontribyab ti revni (LITCs) yo endepandan de IRS. LITC yo reprezante moun ki gen revni anba yon sèten nivo, e ki bezwen rezoud pwoblèm enpo ak IRS, tankou odit, apèl, ak diskisyon koleksyon enpo. Anplis de sa, klinik la kapab bay enfòmasyon sou dwa ak responsablite kontribyab yo nan diferan lang pou moun ki pale angle kòm dezyèm lang. Sèvis yo ofri gratis oswa pou yon ti frè. Pou jwenn yon klinik ki toupre w, vizite [TaxpayerAdvocate.IRS.gov/LITCmap \(an anglè\)](#) oswa gade Piblikasyon IRS 4134, [Lis Klinik pou kontribyab ti revni yo \(an anglè\)](#).

Glosè

Pwogram Anyèl Sezou Depoze (AFSP): Pwogram Anyèl sezou Depoze se yon pwogram volontè ki pèmèt privilèj reprezantasyon limite pou preparatè deklarasyon ki pa avoka, ki pa kontab piblik sètifye, oswa ki pa ajan anwole. Pou plis detay, gade [Pwogram Sezou Anyèl Deklarasyon \(AFSP\) ak Repètwa Preparatè Deklarasyon Enpo Federal](#), pi wo a, oswa ale sou [IRS.gov/Tax-Professionals/Annual-Filing-Season-Program \(an anglè\)](#) pou plis enfòmasyon.

Dosye Akonplisman Pwogram Anyèl Sezou Depoze: IRS bay yon Rejis Dosye Akonplisman Pwogram Anyèl Sezou Depoze bay preparatè deklarasyon enpo ki konplete yon sèten kantite tan edikasyon nan preparasyon pou yon ane enpo presi. Gade pi wo a anba [Pwogram Sezou Anyèl Deklarasyon \(AFSP\) ak Repètwa Preparatè Deklarasyon Enpo Federal](#) pou plis enfòmasyon.

Mandatè: Yon ajan yon moun bay otorizasyon avèk yon manda avoka pou li fè yon seri aksyon pou moun sa.

Nimewo CAF: Nimewo Fichye Otorizasyon Santralize IRS bay chak reprezantan ki gen pwokirasyon, ak chak reprezantan ki gen otorizasyon pou enfòmasyon enpo, ki anrejistre sou sistèm CAF la.

Sistèm Dosye Otorizasyon Santralize (CAF): Sistèm dosye òdinatè ki gen enfòmasyon konsènan otorite moun ki nonmen anba pouvwa oswa moun ki deziyen dapre sistèm otorizasyon enfòmasyon enpo a. Sistèm sa a bay pèsònèl IRS aksè pi rapid nan enfòmasyon otorizasyon.

Moun Sikilè 230: Anjeneral, yon avoka, CPA, ajan ki anwole, ajan plan retrèt ki

anwole, moun ki gen Dosye Akonplisman pou pwogram anyèl sezou depoze a, yon evalyatè, oswa yon aktyè anwole ki otorize pou reprezantasyon devan IRS. Gen lòt endividi ki ka kalifye pou reprezantasyon tanporè oswa limite devan IRS ; sepandan, yo pa refere a yo kòm pratisyen.

Komisyonè: Komisyonè Sèvis Revni Entèn nan.

Pwokirasyon dirab: Yon pwokirasyon ki pa sijè a yon limit tan epi sa k ap kontinye an vigè apre enkapasite oswa enkonpetans moun ki bay otorite a (kontribyab la).

Ajan anwole: Tout moun ki gen lisans anba dispozisyon Sikilè 230 Depatman Trezò a pou reprezantasyon devan IRS.

Ka enpo Federal: Nenpòt ka konsènan aplikasyon oswa entèpretasyon (1) yon pwovizyon revni jan sa defini nan seksyon 6110(i)(1)(B) Lwa Revni Entèn nan; (2) nenpòt dispozisyon lwa ki afekte obligasyon yon moun dapre lwa ak règleman sou revni entèn yo, enkli, men pa limite a responsablite moun nan pou l peye enpo oswa obligasyon pou fè deklarasyon; oswa (3) nenpòt lòt lwa oswa règleman IRS administre.

Fidisyè: Nenpòt fidisi, ekzekitè, administratè, reseptè, oswa gadyen ki nan plas yon kontribyab epi li aji tankou kontribyab la, pa kòm yon reprezantan.

Pwokirasyon jeneral: Yon pwokirasyon ki otorize avoka an reyalyite a fè nenpòt ak tout aksyon kontribyab la kapab fè.

Ofisye gouvènman oswa anplwaye: Yon moun ki se yon ofisye oswa anplwaye branch ekzekitif, lejislatif, oswa jidisyè yon Eta oswa Gouvènman Etazini; yon ofisye oswa anplwaye Distri Columbia a; yon manm kongrè a.

Pwokirasyon limite: Yon pwokirasyon ki limite sa avoka an reyalyite a ka fè a sèlman sèten aksyon presi.

Biwo Responsablite Pwofesyonèl: Biwo Responsablite Pwofesyonèl la jeneralman gen responsablite pou zafè ki gen rapò ak konduit pratisyen, ak responsablite eksklizif pou disipline, sa enkli pwosedi disiplinè, sanksyon ak retablisman. Biwo Preparatè Deklarasyon an responsab zafè ki gen rapò ak bay PTIN yo, jesyon aplikasyon pou enskripsyon, administre egzamen konpetans ak edikasyon kontinyèl pou gwoup yo deziyen.

Pratisyen: Yon pratisyen se yon moun ki se yon avoka, CPA, ajan anwole, aktyè anwole, ajan plan retrèt anwole, oswa yon patisipan nan Pwogram Anyèl Sezou Depoze a.

Reprezantan yo rekonèt: Yon moun yo rekonèt pou reprezante yon kontribyab devan IRS.

Preparatè deklarasyon ki pa anwole: Yon endividi ki pa yon avoka, CPA, ajan anwole, ajan plan retrèt anwole, oswa aktyè ki prepare epi siyen yon deklarasyon kontribyab kòm moun ki prepare, pou konpansasyon, oswa ki prepare yon deklarasyon men li pa oblije (dapre enstriksyon pou deklarasyon an oswa règleman yo) siyen deklarasyon an. Gen kèk preparatè ki pa anwole ki ka gen dosye akonplisman pwogram anyèl sezou depoze a. Apati 31 desanm 2015, se sèlman moun ki gen dosye AFSP yo otorize reprezante kontribyab pou ki yo te prepare epi siyen deklarasyon apre dat sa a.

**A**

Ajan anwole [3, 5, 15](#)
 Ajan retirete ki anwole [3](#)
 Aktyè anwole yo [3](#)
 Aktyè yo [15](#)
 Asistans (*Gade Èd Fiskal*)
 Asosyasyon yo [5](#)
 Avoka yo [3, 15](#)

B

Biwo Responsabilite Pwofesyonèl [15](#)

Ch

Chwa reprezantan yo [2](#)

D

Dokiman Otorizasyon Santralize (CAF) [15](#)
 Dosye Akonplisman Pwogram Anyèl Sezou Depoze [15](#)

E

Eksklizyon [5, 7](#)
 Eitati retrèt ki pa aktif [5](#)
 Etidyan Estajye nan Sèvis pou Kontribyab ki gen Ti Revni yo [3](#)
 Etidyan yo [4](#)

En

Enkapasite oswa enkonpetans [7](#)

È

Èd Enpo [12](#)

F

Fen [7](#)
 Fidisi [15](#)
 Fòm 2848 [8, 10](#)
 Founisè Sèvis Entèmedyè yo [1](#)

G

Glosè [2, 15](#)

K

Ka enpo federal [15](#)
 Ki kote pou depoze [9](#)
 Kominikasyon pwoteje:
 Abri fiskal [6](#)
 Komisyonè [15](#)
 Kopi FAKS [9](#)
 Konparisyon espesyal [4](#)
 Kontab piblik sètifye yo (CPAs) [3, 15](#)

L

Lèt otorizasyon [4](#)
 Lis inaktif yo [5](#)

M

Mandatè [15](#)
 Move kondwit [6](#)
 Moun ki pa anwole yo [4](#)
 Anplwaye [4](#)
 Fidisyè [4](#)
 Ofisye [4](#)
 Patnè [4](#)
 Yon manm fanmi [4](#)
 Yon moun [4](#)
 Moun ki sijè a Sikilè 230 [15](#)

N

Negosye chèk kontribyab [6](#)
 Nimewo CAF [4, 15](#)

O

Ofisye gouvènman oswa anplwaye [15](#)
 Ofisye Responsabilite Pwofesyonèl [2](#)
 Otorize yon reprezantan [7](#)

P

Patenarya yo [5](#)
 Pèt kalifikasyon [5](#)
 Lè w pa reponn ak ekzijans yo [5](#)
 Piblikasyon (*Gade Èd Fiskal*)
 Pratisyen [15](#)

Preparatè deklarasyon ki pa anwole [3, 15](#)

Prensip reprezantasyon [5](#)

 Dilijans jeneral [6](#)
 Responsabilite [5](#)
 Responsabilite pou avize [6](#)

Pwogram Anyèl Sezou Depoze (AFSP) [15](#)

Pwokirasyon [7, 9-11](#)
 Liy 2—Reprezantan an [11](#)
 Tretman ak jesyon [11](#)

Pwokirasyon dirab [15](#)

Pwokirasyon jeneral [15](#)

Pwokirasyon ki pa soti nan IRS [8](#)

Pwokirasyon limite [15](#)

R

Reprezantasyon devan IRS [3, 5](#)

Reprezantan Patenarya a [2](#)

Reprezantan yo rekonèt [15](#)

Responsab evalyasyon [3](#)

S

Sispansyon [5, 7](#)

Sosyete [5](#)

T

Tretman pwokirasyon ki pa soti nan IRS [8](#)

V

Vòl idantite [13](#)

C

CAF (*Gade Dokiman Otorizasyon Santralize (CAF)*)

CPAs (*Gade Kontab piblik sètifye yo (CPAs)*)